# Zvakavanzika Newe

Vadzidzi vachaongorora kuti ndeapi mashoko anganaka kuti “avigwe,” kuchinja masetin’i ezvakavanzika panzvimbo dzekukurukura paindaneti, uye kukwanisa kutsanangura zvikonzero zvemasarudziro avanenge vaita acho (sekuti nei mamwe mashoko achinzi aonekwe ne"shamwari chete" kwete kuti aonekwe ne"ruzhinji").

## Zvekushandisa

Mapepa eFembera Fembera

# Fembera Fembera

## Chikamu 1

**Mutambo Wekirasi**

Ipa vadzidzi Mapepa Akanyorwa akanzi Fembera Fembera wovati mumwe nemumwe apindure mibvunzo iripo. Bvunza vadzidzi vasarudze zvinhu zvina zvavangada kuudza vamwe wovaudza kuti uchazoudza kirasi yose zvavanenge vanyora. Vaudze vachengete pepa rechipiri.

Ipa vadzidzi maminiti 10 ekuti vanyore pamapepa. Zvadaro, ngavadzose mapepa acho.

**Udza Vadzidzi Vako**

Ndava kuverenga zvakanyorwa pamapepa andakupai. Nyora pachikamu chakanzi Fembera zvaunenge wafembera kuti zvanyorwa nemumwe mudzidzi.

**Mutambo Wekirasi**

Kana mapedza nemapepa akanyorwa, kurukurai mose pamwe chete.

**Bvunza Vadzidzi Vako**

Pane mamwe mashoko ausina kuudza chero munhu here? Ndeapi? Nemhaka yei?

Munhu wese asarudza zvinhu izvozvo here? Nemhaka yei / nei zvisina kudaro?

Zvichienderana nekuti uri kuudza ani, ungataura zvakawanda here kana kuti zvishoma, pamashoko akadai? Ungazvitaura rini?

Zvanga zviri nyore zvakadini kuziva kuti ndiani ataura mashoko akadaro / anyora mashoko akadaro?

Pane pazvamboitika here kuti imwe mhinduro yazoreva zvanga zvisingadi kutaurwa (semuenzaniso, mumwe munhu adura zvaanofarira kudya, zvingava zvaratidza kuti munhu uyu anobva kupi here)?

Unofunga kuti mumwe munhu wacho angafungei nezvako dai kuri kuti waudza nyika yose mashoko awanyora paFembera Fembera?

## Chikamu 2

**Udza Vadzidzi Vako**

Kuchengeta zvakavanzika kukwanisa kusarudza zvingazivikanwa nevamwe vanhu maererano newe. Unogona kudaro nekutaura zvakanangana newe (zvakadai sekuudza vamwe vanhu kero yekwaunogara kana kuti zvaunofarira kuita) kana kuita zvimwe zvinhu uine vamwe (zvakadai sekuenda kunotenga neshamwari dzako wosarudza zviri pamwoyo pako). Pane vamwe vasingafaniri kuudzwa zvimwe zvinhu, hazvinei nekuti uri mukamuri rine vamwe vanhu kana kuti uri kutaura navo paindaneti.

Iwe ndiwe unosarudza zvinofanira kuzivikanwa nevamwe. Maonero aunoita iwe nevemumhuri yako nyaya yezvakavanzika angasiyana nemaonero anoita vamwe vari muboka rino nemhuri dzavo. Kana tikanyatsonzwisisa zvinhu zvatinoti zvakakosha kusaudzwa vamwe, uye kuti zvatinoita tiri paindaneti zvingazivikanwa, tichakwanisa kusarudza kuti toudza vamwe zvakawanda sei.

Nyaya yezvakavanzika inochinjawo zvichienderana nekuti mashoko erudzii ari kuudzwa vamwe uye kuti ari kuudzwa ani.

**Bvunza Vadzidzi Vako**

Semuenzaniso, ungaudza vanhu vari pasi apa kero yekwaunogara here:

1. Vabereki vako / vanokurera kana vamwe vanhu vakuru vakakosha vemumhuri menyu?
2. Shamwari dzako?
3. Mudzidzisi wako?
4. Munhu wawangosangana naye / munhu wausingazivi?
5. Shamwari yeshamwari yako?
6. Rimwe sangano kana imwe kambani?

## Pfupiso

**Udza Vadzidzi Vako**

Paunoisa mashoko paindaneti, zvakakosha kuti ufunge nezvekuti ndiani anogona kuguma aona mashoko iwayo uye kuti iwe kana kuti munhu wauri kuudza mungada here kuti rumwe ruzhinji runzwe mashoko iwayo.

Mamwe mashoko anogona kuzokuipira mune remangwana kana akaudzwa vanhu vasingafaniri kuaziva. Kana munhu wausingazivi / wausinganyatsozivi akaziva paunogara, anogona kuuya kumba kwako, izvo zvinogona kukonzera dambudziko. Kunyange hazvo izvi zvichisiyana nzvimbo nenzvimbo, njodzi iripo yacho (uye

kukuvadzwa kungaitika) kunogona kudarika mukana wekuti zvingangoitika. Kuti uzive zvaungasarudza panyaya yezvakavanzika kuti uchengeteke, unofanira kuziva zvinogona kuguma zvaitika kana ukaudza vamwe vanhu mashoko akanangana newe.

# Kusanzwisisana

## Nhaurirano

### Udza Vadzidzi Vako

Ngatimbotaurai zvatinonyora pamameseji, matauriro atinozviita uye kuti zvingasiyana sei dai kuri kuti tiri kutaura nemunhu wacho tichimuona.

### Bvunza Vadzidzi Vako

Kuudza mumwe munhu mashoko nemeseji kungasiyana papi nekumuudza muchionana?

1. Kana usiri kuona chiso chemunhu, unogona kutadza kuziva kuti anonzwa sei nezvemashoko aunenge wataura. Unogona kukuvadza manzwiro emunhu usiri kuzvifungira.

### Udza Vadzidzi Vako

Paunenge uchitaura nemunhu makatarisana, unogona kuona zvavanoita paunotaura navo, zvavanoita muviri wavo uye zvavanoita izwi ravo. Izvi haukwanisi kuzviziva kana uri kutaura nemunhu uchishandisa meseji.

Asiwo, paindaneti unokwanisa kuwana rumwe ruzivo runogona kukubatsira pakukurukura (semuenzaniso, nzvimbo dzekukurukura dzinokwanisa kukupa ruzivo maererano nekuti mashoko anganzwisiswa sei newauri kutaura naye).

### Bvunza Vadzidzi Vako

Kana usingakwanisi kushandisa zvimwe zvinhu (zvakadai sekuti muviri unoitwa sei, kubuda kweizwi), izvi zvingakonzera sei kuti wauri kutaura naye asanzwisisa zvauri kureva (pamwe pacho nyambo dzinogona kutorwa zvisizvo zvokuvadza mumwe munhu)?

Ngatiti mumwe munhu otadza kukunzwisisa makatarisana, ungaitei kuti munzwanane (sekuti unogona kukumbira ruregerero kana kutsanangura zvawanga uchireva)? Izvi zvingasiyana sei (kuoma kana kuva nyore kuita) kana manga muchitaura nemameseji?

# Ndivanani Vauri Kuudza?

## Chikamu 1

**Udza Vadzidzi Vako**

Ndizvo hazvo kuti pane mamwe mashoko anotosarira pane zvatinoita paindaneti, asi pane nzira dzatinokwanisa kushandisa kuti tivige zvimwe toramba tiine mukurumbira wakanaka paindaneti. Panyaya yekushandisa indaneti, pane mamwe masetin'i ari panzvimbo dzepaindaneti atingashandisa kuti tisarudze kuti ndiani anokwanisa kuona zvatinenge taisa. Kunyange zvazvo kuchinja masetin'i aya kusingachinji ongororo — kusanganisira ongororo dzinoitwa nemasayendisiti [metadata] — idzo dzingaitwa nevamwe (vakadai sevashambadzi, vatsvakurudzi kana makambani) nedzimwe nzvimbo dzepaindaneti pachadzo, kazhinji kunokwanisa kudzivisa vamwe vanoshandisa indaneti kuti vasaona kana kutora.

Kune vane mudongodongo wekuda kuziva, metadata iongororo dzemashoko. Ongororo idzi dzinogona kusanganisira zvinhu zvakadai sekuti unopinda panzvimbo idzi nguvai, kwaunenge uri paunopinda uye kuti ndivanani vaunenge uchitaura navo, nezvimwe zvakawanda.

Masetin'i ezvakavanzika angataridzika zvakasiyana zvichienderana nenzvimbo yacho yepaindaneti, asi anotibatsira pakusarudza vanhu vanofanira kuziva zvatiri kuita. Semuenzaniso, masetin'i angabvumidza kuti zvatinoisa zvionekwe neruzhinji, zvionekwe neshamwari dzeshamwari, zvionekwe neshamwari chete, uye dzimwe nguva, zvinonekwe neshamwari dzaunenge wasarudza chete. Zvimwe zvingachinjwa pamasetin'i aya inzvimbo inowanika mashoko uye vanokwanisa kupa vamwe. Makuki, kushambadzira kune rimwe boka revanhu, uye kutsvaga mashoko zvinogona kurambidzwa panzvimbo zhinji kana ukagadziridza masetin'i. Panewo mamwe maekisitenisheni emapeji nezvimwe zviripo zvinokwanisa kushandiswa pakukudzivirira paunenge uchishandisa mawebhusayiti akasiyana-siyana (semuenzaniso Privacy Badger inonzi “Do Not Track” iekisitenisheni yeElectronic Frontier Foundation).

## Chikamu 2

**Mutambo Wekirasi**

Ronga vadzidzi muzvikwata zvevaviri vaviri.

**Bvunza Vadzidzi Vako**

Kweminiti imwe chete, imbofunga nezvenzvimbo dzekukurukurirana dzawakavhura maakaundi.

Unoziva masetin'i awakaisa panzvimbo imwe neimwe yacho here?

## Basa Rekuita Muri Boka

### Udza Vadzidzi Vako

Ngationgororei zvinokwanisa kuitwa nemasetin'i aya toona zvinonyanya kubatsira, papi pacho, uye panzvimbo dzipi dzacho.

Mumwe nemumwe ngaavhure nzvimbo yaanoshandisa pakukurukura nevamwe paindaneti otarisa masetin'i ake. Kazhinji, masetin'i aya anowanika paakaundi yako pakanzi masetin'i, uye dzimwe nzvimbo dzine zvimwe zvinhu zvaunokwanisa kushandisa pakutarisa masetin'i ako ezvakavanzika.

Kana wapedza kutarisa masetin'i ako ezvakavanzika, taura nemumwe wako nezvemasetin'i aya. Chii chakaita kuti mumwe nemumwe asarudze masetin'i ezvakavanzika aakasarudza? Pane mamwe masetin'i anoenderana nenyaya here (sekuti mamwe masetin'i anoshanda pane imwe nyaya asi asingashandi pane imwe)? Wati wambochinja masetin'i ako here? Unoachinja kangani uye nemhaka yei uchiachinja?

Iva nechokwadi chekuti uri kutarisa masetin'i ezvakavanzika ane chekuita nekugoverana mashoko nevanhu vakasiyana-siyana, kwozotiwo aye anoratidza dhata rashandiswa uye kuti ndivanani vangaudzwa (vakadai sevanoita zvekushambadzira vachitengesa). Zvese izvi zvakakosha pakuchengetedza mashoko ako — kuvanhu vausingazivi / vanhu vausinganyatsozivi, shamwari, vemumhuri nemakambani.

### Mutambo Wekirasi

Ipa vadzidzi maminiti 5 ekuti vakurukure vari muzvikwata zvavo mozokurukura pamwe chete nekirasi yose muchishandisa mibvunzo inotevera.

## Nhaurirano

### Bvunza Vadzidzi Vako

Akaundi yako yakanzi ionekwe neruzhinji, vashoma, kana kuti zvimwewo here? Wakasarudza sei setin'i yakadai?

Masetin'i ako ezvakavanzika aripo izvozvi ndiwo auri kuda kuti avepo here?

Ndepapi pazvingava nemusoro kuti uonekwe neruzhinji, uye ndepapi pazvingava zvakanaka kuti uonekwe nevashoma?

Unonzwa wakasununguka kunyora mashoko ako panzvimbo dzekukurukura nadzo paindaneti here, kana kuudza makambani anoshambadzira panzvimbo idzi? Nemhaka yei uchidaro kana kuti usingadaro?

Nhaurirano iyi yaita kuti ufunge patsva zvakaita masetin'i ako ezvakavanzika here? Nemhaka yei uchidaro kana kuti usingadaro?

# Basa Rekuita

## Basa Rekuita

### Basa Rekuita

Zvatapedza kutaura nyaya yekuvanza zvimwe, zvingafungwa nevamwe vachitorera pane zvatinovaudza paindaneti, kuti mameseji anganzwisiswa nenzira dzakasiyana sei nevanhu vakasiyana-siyana, uye kuti masetin'i angabatsira sei kusarudza vaungada kupa mashoko, ngatichishandisai zvatadzidza izvi.

Kwemaminiti 30 anotevera, munhu ega ega ngaafunge zviitiko zvitatu zvinotevera onyora kandima kapfupi achipindura:

1. Sinead ane makore gumi nematatu, uye achangobva kutanga kufarira zvekuimba. Anoona sekuti haasati ava nyanzvi, asi anoda kuimbira shamwari dzake onzwa kuti dzinoti kudii nazvo. Ari kufunga kuisa mamwe mavhidhiyo ake achiimba nziyo dzaanofarira panzvimbo yekukurukura nayo paindaneti. Ungamuti aise panzvimbo ipi yekukurukura nayo paindaneti? Unofunga kuti ndeapi masetin'i ezvakavanzika angaita kuti ashandise panzvimbo iyoyo? Tsanangura chikonzero chacho.

2. Reza ane makore gumi nematanhatu, uye anofarira chaizvo zvekubika uye kunyora maresipi matsva. Akambobika zvekudya zvakasiyana-siyana zvenyama yehuku zvaanofarira, saka ari kufunga kupa shamwari dzake mamwe maresipi ake nevamwe vanhu vanofarira zvekubika. Ungamuti aise panzvimbo ipi yekukurukura nayo paindaneti? Unofunga kuti ndeapi masetin'i ezvakavanzika angaita kuti ashandise panzvimbo iyoyo? Tsanangura chikonzero chacho.

3. Ulwazi ane makore gumi nemasere, uye ari kuda kutanga kutsvaga basa mwedzi unouya. Anoziva kuti varungu vanoda kuona CV yake, asi haasi kuziva kuti onyora sei yakanaka. Anoda kuzoshanda basa rezvekugadzira makombiyuta, asi haasi kuziva kuti mabasa api ari kuwanika uye kuti ane ruzivo rwakakwana here pamabasa acho. Ari kuda kunzwa mazano kubva kune vamwe vanofarirawo basa racho, asi pashamwari dzake hapana anoita basa iroro. Ungati Ulwazi aise panzvimbo ipi yekukurukura nayo paindaneti? Unofunga kuti ndeapi masetin'i ezvakavanzika angaita kuti ashandise panzvimbo iyoyo? Tsanangura chikonzero chacho.

Kana zvichiita, panguva inotevera pamunoungana muri boka, ita kuti vadzidzi vaende muzvikwata zvavo zvevaviri vaviri, chikwata chega chega choudza vamwe zvachawana.

Zvidzidzo izvi muri kuzvipiwa neYouth and Media paBerkman Klein Center for Internet & Society at Harvard University pasi perezenisi reCreative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International. Unogona kuzvishandisa, kusanganisira kukopa,zvingava zvekuti uwane mari kana kuti kwete, chero bedzi uchitaura kuti mashoko acho ari kubva kuYouth and Media woashandisa maererano nemitamo yacho. Zvidzidzo izvi zviripowo paindaneti paPeji yeBerkman Klein's Digital Literacy Resource.